

Enfòmasyon pou Paran ak Responsab Legal

Egzamen Depistaj Oksimetri Poul pou Maladi Kè Konjenital Kritik (Critical Congenital Heart Disease, CCHD)

Kisa yon rezulta ki ba vle di?

Kisa sa CCHD ye?

Maladi Kè Konjenital Kritik (Critical Congenital Heart Disease, CCHD) se yon pwoblèm medikal ki rive nan kè yon tibebe oswa nan vesosangen prensipal ki toupre kè a epi ki pa fòme kòrèkteman. Kè a ka pa fonksyone byen epi ka pa gen ase oksijèn nan san an.



Kisa Oksimetri Poul ye?

Doktè itilize oksimetri poul, ki rele pafwa oks poul, pou evalye tibebe yo pou konnen si yo gen CCHD. Oksimetri poul se yon tès doktè fè pou detèmine kantite oksijèn ki nan san tibebe a ak batman kè li. Yon nivo oksijèn ki ba nan san yon tibebeb ta ka vle di kè a p ap fonksyone byen jan li ta dwe fonksyone. Doktè ap fè yon tès oksimetri poul pou chak tibebe ki fèt nan Eta New York kòm pati egzamen depistaj yo apre 24 èdtan lavi tibebe a.

Tibebe ou gen yon egzamen oksimetri poul ki ba, kounye sa kisa pou fè?

Kèt tibebe ap gen yon chif nivo oksijèn ki ba. Doktè ou ap detèmine si lòt tès nesesè, tankou yon elektwokadyogram (EKG), radyografi ak/oswa ultrasón kè a (ki rele elektwokadyogram oswa eko kè a tou). Doktè ou ka bay referans pou tibebe ou wè yon espesyalis kè timoun (kadyològ) epi pètèt lòt espesyalis.

Yon chif oksijèn ki ba pa toujou vle di tibebe a gen CCHD. Kèt tibebe ki an sante kapab gen yon chif oksimetri poul ki ba pandan kè yo ak poumon yo ap ajiste apre yo fèt. Kapab gen lòt pwoblèm medikal ki kapab lakòz tibebe ou gen yon rezulta tès oksimetri ki ba.

Kisa pou mwen fè si tibebe mwen gen CCHD?

Tretman pou CCHD pa menm, men li kapab gen ladan medikaman, pwosed medikal oswa operasyon. Ekip medikal ou ap rekòmande tretman an epi y ap diskite ou chwa yo avèk lòt espesyalis yo.

Kèt tibebe ki gen CCHD ka gen: lèv oswa po tibebe a ki parèt ble, son gwondman avèk respirasyon an, respirasyon rapid, tibebe a manje mal, li dòmi san rete, epi li mal pou gwosi. Si tibebe ou gen nenpòt nan siy sa yo, li enpòtan pou pale avèk doktè tibebe ou sou sa pou fè. Si siy sa yo nouvo, rele doktè tibebe ou touswit.

Lòt Resous pou Fanmi yo sou Malfòmasyon Kè nan Nesans

American Heart Association:

www.heart.org/HEARTORG/Conditions/CongenitalHeartDefects/Congenital-Heart-Defects_UCM_001090_SubHomePage.jsp

Sant Nasyonal pou Malfòmasyon Tibebe ak Andikap Devlòpmantal Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention's National Center on Birth Defects and Developmental Disabilities):

www.cdc.gov/ncbddd/heartdefects/index.html

Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health):

www.health.ny.gov/diseases/congenital_malformations/cmrhome.htm